आकाशवाणी, गोरखपुर

दिनांक–04 नवंबर 2026 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री अउर वरिष्ठ भाजपा नेता योगी आदित्यनाथ आ पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन के अगु आई में आजु गोरखपुर में 'लोकतंत्र बचाओ, अराजकता हटाओ' पदयात्रा निकारल गइल। येही सिलसिला में एमपी इंटर कॉलेज परिसर में एगो जनसभा के संबोधित करत मुख्यमंत्री श्री योगी कहलें कि ई यात्रा खाली एगो पारटी क यात्रा नाहीं हौ बलुक देस के विकसित भारत बनवले के प्रधानमंत्री मोदी के सोचि क यात्रा हौ। देस क लोकतंत्र जेतना मजबूत होई, विकसित भारत बनावल ओतने असान होई।

प्रधानमंत्री मोदी जी के नेतृत्व में आज जब पूरा देश आत्मनिर्भर और विकसित भारत की संकल्पना को पूरा करने के लिए आगे बढ़ा है, हर एक क्षेत्र में परिवर्तन हुआ है, भारत आज दुनिया की चौथी बड़ी अर्थव्यवस्था के रूप में दुनिया की सबसे तेज गति से के साथ बढ़ती हुई अर्थव्यवस्था के रूप में आगे बढ़ा है, भारत आतंकवाद से मुक्त हुआ है, नक्सलवाद से मुक्त हुआ है, अराजकता से मुक्त हुआ है, भारत आज दुनिया के अंदर अपनी शानदार यात्रा को लेकर के जब आगे बढ़ा है।

भाजपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन कहलें कि योगी आदित्यनाथ के अगुआई में उत्तर प्रदेश में चहुंमुखी विकास हो रहल हौ।

आज उत्तर प्रदेश को जिस प्रकार से विकास के पैमाने पे माननीय योगी आदित्यनाथ जी ने आगे लेके गए हैं, हमें पूरा विश्वास है उत्तर प्रदेश को इस देश का सबसे बड़ा विकसित राज्य बनाकर आप ले के आएंगे। उस विकास की रफ्तार को रुकने नहीं देना है मित्रों, उस विकास की रफ्तार को और आगे बढ़ाना है।

पारटी क प्रदेस अध्यक्ष पंकज चौधरी कहलें कि ई खाली राजनीतिक सभा नाहीं हौ बलुक ई देस क लोकतंत्र बचवले अउर अराजकता के उखड़ि फेकले क महा अभियान हौ। पदयात्रा में ढेरि संख्या में पारटी से जुड़ल प्रतिनिधि आ कार्यकरता लोगि हिस्सा लिहलें।

****

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क अध्यक्षता में केन्द्रीय मंत्रिमण्डल आजु दुस्करम अउर पाक्सो अधिनियम से जुड़ल मामिला के जुरते सुनवाई बदे फास्ट ट्रैक कोर्ट क केन्द्र प्रायोजित योजना के अगिला पांच बरिस ले जारी रखले के मंजूरी दिहलस। केन्द्रीय सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव नई दिल्ली में ई जनकारी दिहलें

जो चाइल्ड एब्यूज के केसेज होते हैं और जो रेप के केसेज हैं उसके लिये आज एट हैंड्रेड फिफ्टी फास्ट ट्रैक कोर्ट को एक्सटेंशन देने का और उनको स्ट्रैंथेन करने का कैबिनेट ने अप्रूवल दिया है।

एगो अउरियो फैसिला क जनकारी देत चीफ ऑफ डिफेंस स्टाफ जनरल एन एस राजासुब्रमणि बतवलें कि–

आज कैबिनेट ने सारे अग्निवीरों के लिये एक पाथवे क्रिएट किया है, जिससे कि वो इण्डियन डिफेंस फोर्सेस में ऑब्जर्व हो जाएं। इस स्कीम के अन्तर्गत रिमेनिंग 75 परसेंट अग्निवीर को दो साल का एक और इंगेजमेंट पीरिएड का ऑफर दिया जायेगा।

****

काशी अउर तमिलनाडु के बिच्चे पुरान सांस्कृतिक, भाषाई आ सभ्यतागत संबंधन के मजबूत करे बदे काशी–तमिल संगमम 5.0 क आयोजन अट्ठाइस नवम्बर से बारह दिसम्बर ले कइल जाई। एकरे तइयारी बदे काल्हि बीएचयू में भारत सरकार के उच्च शिक्षा विभाग क सचिव दीप्ति गौंड़ मुखर्जी के मौजूदगी में एगो उच्चस्तरीय बइठकी कइल गइल।

इस बार आयोजन की थीम 'तिरुक्कुरल पयिल्वोम' यानी तिरुक्कुरल का अभ्यास करें रखी गई है। संत कवि तिरुवल्लुवर की कालजयी रचना 'तिरुक्कुरल' के 1330 दोहों में धर्म, अर्थ, प्रेम, नैतिकता और जीवन मूल्यों का संदेश समाहित है। आयोजन के तहत देशभर के 1000 चयनित शिक्षण संस्थानों के विद्यार्थी तिरुक्कुरल का अध्ययन करेंगे। प्रत्येक संस्थान से मेरिट के आधार पर एक विद्यार्थी चुना जाएगा। विद्यार्थी अपनी भाषा में शैक्षणिक व्याख्यानों, एक माह की शोध एवं शैक्षणिक गतिविधियों में भाग लेंगे। उन्हें शोध टिप्पणी तैयार करने के साथ अपने संस्थान में तिरुक्कुरल के संदेश पर प्रस्तुति भी देनी होगी। काशी तमिल संगमम 5.0 के पोर्टल और पंजीकरण प्रक्रिया का शुभारंभ 22 अक्टूबर को केंद्रीय शिक्षा मंत्री प्रह्लाद जोशी ने किया था। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।

****

नवीन अउर नवीकरणीय ऊर्जा मंत्री प्रल्हाद जोशी कहले हवें कि पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना के तहत पछिला एक सौ चारि दिन में देस में पैंसठ लाख से बेसी सोलर पैनल लगावल गइल हौ। नई दिल्ली में भारत नवीकरणीय ऊर्जा सम्मेलन अउर प्रदर्सनी दुइ हजार छब्बीस में एगो सत्र के सम्बोधित करत श्री जोशी कहलें कि ई उपलब्धि स्वच्छ अउर नवीकरणीय ऊर्जा के अपनवले में लोगिन क बढ़त भागीदारी के देखावे ला।

****